

# DEPANS POU GADRI

Aprè piblikasyon [Lwa Lokal 196/2018](#), gen kèk depans ke kandida yo pou yon pòs nan vil New York yo fè pou pran swen timoun yo kote yo se yon founisè swen prensipal pou timoun yo ke yo konsidere kòm depans ki gen rapò ak kanpay la epi yo egzante limit depans aplikab yo jiska 20 000\$. Direksyon ki vin annapre yo bay enfòmasyon sou egzijans ak limit ki gen rapò ak depans sa yo.

Pou yo ka konfòme yo ak lwa sou finansman kanpay yo ak règ CFB yo, kandida yo ki angaje depans pou gadri yo dwe:

1. **Soumèt yon [Declarasyon Elijiblite \(Statement of Eligibility\)](#) nan CFB epi resevwa yon apwobasyon alekri *avan yo angaje nenpòt depans*.** Deklarasyon an afime ke kandida a bezwen sèvis gadri akòz kanpay elektoral kandida a, pou youn oswa plizyè timoun ki gen mwens pase 13 lane ke kandida a se responsab prensipal yo. Konplete epi soumèt fòm sa a nan [documents@nyccfb.info](mailto:documents@nyccfb.info) CFB a ap voye yon lèt konfimasyon pou aksepte oswa rejte deklarasyon an nan 10 jou apre yon fin resevwa li.
2. **Kenbe tout depans yo nan delè yo bay la.** Se sèlman depans ki te angaje pandan ane sivil ki vin anvan ane elektoral la ansanm ak padan ane elektoral la rive jis nan dat eleksyon primè yo (pou kandida ki te enskri sou bilten vòt eleksyon primè yo) oswa jeneral yo (pou kandida ki te enskri sou bilten vòt eleksyon jeneral yo) ki elijib. Yo konsidere depans yo angaje nan moman kote yo rann sèvis yo men se pa nan moman kote pèman yo fèt oswa deklare.
3. **Limite kalite depans yo nan sèvis gad pou timoun yo sèlman, tankou bebisitin ak gadri.** Pwodui tankou kouch yo, lèt manman, rad yo, jwèt yo oswa pwodui menaje yo pa depans ke yo otorize.
4. **Depans pou Gadri pa dwe depase 20 000 dola.** Yo ap konte nan limit depans ki aplikab pou ou nenpòt kantite lajan ki depase 20 000\$.
5. **Peye depans sa yo apati yon chèk komite a, yon kat debi komite a oswa yon pèman elektwonik apati kont bankè komite a, men pa nan fon pèsònèl ou.** Lè w ap rantre depans pou gad timoun yo nan [C-SMART](#), chwazi [kòd yo bay pou sèvis gadri a](#) Sa a ap aktive otomatikman domèn "egzonere" a. Telechaje tout fakti, tout resiansanm ak fas ak do chèk komisyon an ki anile oswa prèv pèman apati virman elektwonik nan C-SMART.
6. **Deklare depans sa yo bay CFB a avèk dokiman pou jistifye sa ke yo endike pi wo a avèk yo chak [yon deklarasyon divilgasyon](#).**

**ATANSYON:** Depans pou gadri yo pa "[depans ki kalifye](#)", sa ki vle di yo **pa ka peye pou yo avèk fon piblik yo** Kanpay ki te resevwa fon piblik yo dwe voye tounen fon sa yo, sof si yo ka pwouve ke yo te itilize fon sa yo nan depans ki kalifye.